

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulna “Ajén Sajarah Dina Rumpaka Kawih Karya Wahyu Wibisana”, miboga tujuan pikeun nganalisis struktur téks rumpaka kawih jeung ajén sajarahna. Anu jadi objek dina ieu panalungtikan nyaéta lima rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana (“Guntur Galunggung”, “Lain Layung Lain Langit”, “Hanjuang di Kutamaya”, “Bulan Langlayangan Peuting”, jeung “Kembang Tanjung Panineungan”), nu disusun pikeun nambahan pangdeudeul bahan panalungtikan pikeun panalungtikan sastra, hususna kagiatan maca sabudeureun rumpaka kawih. Dina ieu panalungtikan, tiori anu digunakeun medar struktur téks rumpaka kawih nyaéta tiori Alton C. Morris jeung I.A Richard anu ngawengku diksi, imaji, kecap kongkrit, gaya basa, purwakanti, téma, rasa, nada, jeung amanat. Salian ti éta, dipedar ogé unsur sajarah, anu ngawengku manusa, ruang, waktu jeung parobahan (kausalitas). Métonde nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta deksriptif analisis kalawan maké instrumén panalungtikan anu mangrupa kartu data struktur rumpaka kawih jeung kartu data analisis ajén sajarah.

Struktur puisi dina lima rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana kawilang réa jeung rupa-rupa. Struktur puisi anu kapaluruh dina lima rumpaka kawih nyaéta; (1) diksi nu kapaluruh aya 50; (2) imaji nu kapaluruh nyaéta imaji visual, imaji auditif, imaji taktil; (3) kecap kongkrit nu kapaluruh jumlahna aya 72; (4) gaya basa nu kapaluruh aya 4, di antarana gaya basa *ngumpamakeun*, *mijalma*, *rarahulan*, jeung *kadalon*; (5) purwakanti nu kapaluruh jumlahna aya 9, di antarana, purwakanti *pangluyu*, *maduswara*, *cakraswara*, *laraspurwa*, *mindokawit*, *laraswekas*, *mindokanwekas*, *larasmadya*, jeung *margaluyu*; (6) tema nu kapaluruh nyaéta sabudeureun kahirupan, saperti *takdir*, *cinta*, jeung *perjuangan*. (7) nada nu kapaluruh nyaéta nada *basajan* (nada nu sok dipaké dina paguneman sapopoé), *teges*, *leuleuy*, jeung *sedih*; (8) rasa nu kapaluruh aya rasa *wa'as*, *kingkin*, *lara*, *iklas*, *héman*, *bungah* jeung *cangcaya*. Amanat nu kapaluruh réréana nyaéta kudu narima takdir ti nu Maha Kawasa, saluyu jeung paribasa

“*dihin pinasti anyar pinanggih*”, anu hartina sagala rupa nu karandapan saéstuna geus aya dina gurat kadar Maha Kawasa.

Ajén sajarah dina rumpaka kawih nu dipaluruh, anu judulna; (1) “Guntur Galunggung” nyaritakeun kajadian Gunung Galunggung bitu taun 1982, ngagambarkeun masarakat nu aya di sabudeureun tutugan Galunggung. Akibat gunung Galunggung bitu, ngabalukarkeun imah masarakat kakubur ku lahar nepi ka masarakat nu aya di sabudeureun tutugan Galunggung ngungsi ka tempat-tempat anu sakirana aman, malah mah sawatara masarakat aya nu transmigrasi ka Sumatra; (2) “Lain Layung Lain Langit” nyaritakeun kajadian *Bandung Lautan Api*, nyaéta kajadian dayeuh Bandung dihuru ku aparat pamaréntah jeung masarakat lantaran rék dikawasa ku bangsa Walanda. Lumangsungna éta kajadian nyaéta tanggal 24 Maret 1946; (3) “Hanjuang di Kutamaya” nyaritakeun Jayaperkosa mangsa perang jeung Kasultanan Cirebon lantaran konflik Ratu Harisbaya. Saacan berangkat ka médan perang, Jayaperkosa melak tangkal hanjuang kalawan méré amanat ka nu jadi raja nyaéta Prabu Geusan Ulun. Amanat Jayaperkosa nyaéta upama hanjuang pérang cirina éléh perang, upama hanjuang hurip tandana unggul jurit. Sabadana balik ti pangperangan, Jayaperkosa néang tangkal hanjuang. Jayaperkosa ngajugjug ka pancaniti, tapi geuning bet sepi. Hal éta ngabalukarkeun Jayaperkosa kuciwa ka nu jadi raja, lanaran nilar nagara sedengkeun hanjuang masih seger. Lumangsungna ieu kajadian nyaéta antara taun 1585 nepi ka 1587 Maséhi; (4) “Bulan téh Langlayangan Peuting” ngagambarkeun hiji lalaki nu rék miang hijrah ka Jogja sarta pamit ka nu jadi pamajikan atawa bébéndé. Éta rumpaka ngagambarkeun pasukan Siliwangi anu rék miang hijrah ka Jogja alatan hasil tina Perjanjian Réville. Ieu kajadian lumangsung dina tanggal 1 Pébruari 1948; jeung (5) “Kembang Tanjung Panineungan” nyaéta nyaritakeun pamajikan anu ditinggalkeun tiwas ku nu jadi salaki nalika operasi Pager Bitis taun 1962, sedengkeu éta pamajikan keur kakandungan. Tiwasna nu jadi salaki dicaritakeun ka budakna nalika éta budak geus sawawa. Éta rumpaka kawih ngagambarkeun ketirna mangsa harita kalawan digambarkeun ku kapeurih jeung kasedih ku tokoh indung nu ditinggalkeun salaki jeung anak nu jadi anak yatim.

5.2 Implikasi

Rumpaka kawih karya Wahyu Wibisana mangrupa sawatara karya sastra Sunda anu dijerona loba amanat jeung ajén sajarah nu bisa jadi bahan pieunteungeun pikeun balaréa. Ieu panalungtikan téh tangtu teu leupas ti tiori-tiori anu aya patalina jeung objek panalungtikan, atawa pamarekan panalungtikan. Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat, salasihijina pikeun kamekaran karya sastra Sunda.

Kamekaran karya sastra Sunda bisa dimangpaatkeun minangka salasihiji tarékah ngawanohkeun karya sastra Sunda hususna ka para generasi ngora atawa nonoman Sunda, satuluyna sangkan daék mikawanoh kana karya sastra Sunda. Lian ti éta, bisa dipaké pikeun ngeuyeuban data ngeunaan karya sastra hususna dina widang rumpaka kawih.

5.3 Rékomendasi

Sabada ieu panalungtikan ngeunaan *Ajén Sajarah dina Rumpaka Kawih Karya Wahyu Wibisana* dilaksanakeun. Panalungtikan ngarasa perlu nepikeun sababaraha rékomendasi pikeun kapentingan panalungtikan satuluyna, hususna pikeun kamekaran sastra Sunda.

- 1) Mahasiswa dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan pikeun jadi référénsi dina mata kuliah éstétika ogé kawih tur bisa dituluykeun ku panalungtikan-panalungtikan anu leuwih hadé, lantaran ieu panalungtikan masih kénéh kurang tur éta bisa diguar leuwih jero dina panalungtikan-panalungtikan satuluyna.
- 2) Panalungtikan sarupa anu maluruh ajén sajarah perlu terus dilaksanakeun, boh ku masarakat akademisi boh masarakat sacara umum. Anu jadi tinimbang mah sangkan kapanggih ajén sajarah dina karya-karya sastra séjén jeung pangarang séjénna. Lian ti éta, sangkan ngeuyeuban hasil-hasil panalungtikan ngeunaan karya sastra.
- 3) Lembaga paélman dipiharep bisa jadi wadah anu bisa ngajenan sarta ngahudangkeun karep masarakat dina ngajénan karya sastra hususna karya sastra Sunda dina widang kawih.